Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.

Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 28 (6489) 30 май 2016 с. Итни ШагIбан 1437 с. Багьа 5 гъур.

СПОРТ – РАКЪЛИЛ ВА ГЬУДУЛЛЪИЯЛЪУЛ ВАКИЛ

## Олимп босарал бакълъулазул кIиабилеб турнир

### Рекъел-парахалъи цIунун, гIумру кьурал полициялъул хIалтIухъаби ракIалде щвезариялъул турнирги тIобитIана

**2016 соналъул 22 маялда Гумбет районалда тIобитIана олимпийцал ХIажимурад МухIамадовасул ва Мурад ХIайдаровасул цIаралда эркенаб гугариялъул рахъалъ Халкъазда гьоркьосеб кIиабилеб турнир. Гьелдаго цадахъ районалда тIобитIана хъулухъалъулал тIадал ишал тIуралаго гIумруялдаса ратIалъарал Россиялъул МВДялъул Гумбет районалъул отделалъул хIалтIухъаби ракIалдещвеялъул мурадалда гIисинал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул турнирги. Къецазда гIахьаллъана Дагъистаналъул шагьараздаса ва районаздаса, Карачаево-Черкесиялдаса ва Белоруссиялдаса 160 речIчIухъан.**

Турнирал рагьиялъул тадбиралда кIалъана Дагъистаналъул парламенталъул вице-спикер **СайгидахIмад АхIмадов,** Гумбет районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиев,** олимпиялъул чемпион, Россиялъул тIаса бищараб эркенаб гугариялъул командаялъул кIудияв тренер ХIажимурад МухIамадов ва цогидалги. Олимпийцал ХIажимурад МухIамадовасул ва Мурад ХIайдаровасул цIаралда тIобитIараб турниралда бергьаразул щивасе щвана кубокал, грамотаби ва 90 азарго гъурущ. Хъулухъалъулал тIадал ишал тIуралаго гIумруялдаса ратIалъарал Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул хIалтIухъаби ракIалдещвеялъул турниралдаги призовияб фондалда 100 азаргоялда цIикIкIун гъурущ букIана.

Турнирал рагьулаго «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас абуна гьадинал спортивиял къецаз, спортсменал физическияб рахъалъ церетIеялъе гуребги, жамгIият, хасго гIолилал цоцалъ гъункиялъе квербакъи гьабулин.

«Жакъасел турниразда нилъеца салам кьолеб буго киналго спортсменазе, гьалбадерие, балагьаразе. Нилъ рохарал руго, гьоболлъухъ олимпийцал ХIажимурад МухIамадов ва Мурад ХIайдаров рачIиналдаса. ХIурматиял олимпийцал, бакълъулал, нуж ккола Гумбеталъул, Дагъистаналъул, Россиялъул чIухIи. Нужеца гIолилазе мисал бихьизабулеб буго, гIолеб гIелалъе рухIиябгун ВатIан бокьиялъул тарбия кьеялъул хIалтIулъ гIахьаллъулел руго.

Нилъеца салам кьолеб буго турниразул судьязе, Дагъистаналъул спортивияб Федерациялъул судейскияб коллегиялъул председатель Пекиналда олимпиялъул хIаязда речIчIухъабазул къецазда судьялъи гьабурав **ГIубайдула ГIусмановасе** ва цогидазе. Абула «Спорт ракълил вакил буго» - абун. Гьединал турнираз халкъазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъе, Северияб Кавказалда социалияб ахIвал-хIал лъикIлъизабиялъе кумек гьабула», - ян абуна МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.

ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахIмад АхIмадовасги гьабуна баркиялъулаб кIалъай ва абуна: «Нилъеца олимпийцал ХIажимурад МухIамадов ва Мурад ХIайдаровги гIахьаллъун, гьезул призазе гIоло эркенаб гугариялъул Халкъазда гьоркьосеб кIиабилеб турнир тIобитIулеб буго. Гьел олимпийцал руго гIолилазул насихIатчагIи, гIицIго спорталъулъ гурелги, мисалияллъун, ВатIаналъул патриоталлъун. Салам кьола Карачаево-Черкесиялдаса, Беларусь Республикаялдаса ва Россиялъул регионаздаса спортивиял делегациязе».

Олимпиялъул чемпион, дунялалъул чемпион, Россиялъул тIаса бищараб эркенаб гугариялъул командаялъул кIудияв тренер ХIажимурад МухIамадовас баркала загьир гьабуна спортсменазе, турнир гIуцIаразе, гIахьалчагIазе.

«Жакъа Гумбеталда унеб буго эркенаб гугариялъул гьайбатаб байрам. Россиялъул батIибатIиял букIназдаса гурелги, къватIисел пачалихъаздасаги рачIун руго гьалбал. Бокьун буго баркалаялъул рагIаби абизе тIоцебесеб иргаялда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевасе, гьесул командаялъе.

Нилъеда кидаго кIоченаро хъулухъалъул тIадал ишал тIуралаго гIумруялдаса ратIалъарал полициялъул хIлтIухъаби, гьезул хIурмат гьабилъун ккола гIисинал гIолилазда гьоркьоб жакъа турнир тIобитIулеб букIинги. Гьарула речIчIухъабазе чIахIиял бергьенлъаби, спорталъулъ хадурккунги церетIеял», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Олимпийцазул цIаралда турниралда гIахьаллъана 86 ва 74 кг. цIайиялда гугарухъаби. 21 спортсмен вукIана гьел цIайияздa. ХIажимурад МухIамадовасул цIайиялда (86 кг.) бергьенлъи босана **М. Набиевас** (Гумбет район), кIиабилеб бакI щвана **С. Юсуповасе** (Батыровасул цIаралда бугеб эркенаб гугариялъул школа, Хасавюрт), лъабабилеб бакI - **М. Улубиевасе** (Казбек район) ва **Булаталиевасе** (Гумбет район).



Пекиналъул олимпиадаялъул мазгарул призер Мурад ХIайдаровасул цIайиялда (74 кг.) тIоцебесеб бакI **К. Маликовас** (олимпиялъул резервалъул училище, Хасавюрт), кIиабилеб бакI **М. ГIабдулаевас** (олимпиялъул резервалъул училище, Хасавюрт), лъабабилеб бакI **А. Багомедовас** (ХIамид ХIамидовасул цIаралда бугеб школа, МахIачхъала) ва **А. Байтемировас** (Гумбет район) ккуна.

Олимпийцазул кIиябго цIайиялда бергьаразе Гумбет районалъул администрациялъ кьуна 70 азарго гъурущ (тIоцебесеб бакIалъе 30 азарго, кIиабилелъе – 20 азарго, лъабабилелъе – 10 азарго гъурущ.

**(Ахир-кIиабилеб гьум).**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Депутатлъиялде щал рищилел -2 гьум.



Бакълъулазул школазда – ахирисеб цIумур -2 гьум



Шамил районалъул «ЦIолъи» басмаялъул 85-сонилаб нух -3 гьум



Игьали: лъедалъун ва токалдалъун хьезари -4 гьум

ХАЛКЪАЛЪЕ ТОЛЕЛ ЧАГИ
ГIАКЪЛУ-ТАДБИР БУГЕЛ ТЕ

# Депутатлъиялде щал рищилел

### Гумбет районалда «Цогояб Россия» партиялъ праймериз тIобитIана

**Гумбет районалда 22 маялда тIобитIана «Цогояб Россия» партиялъул рахъалдасан Россиялъул федерациялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде «Цогояб Россиялъул» рахъалдасан депутатлъиялде кандидатал рихьизарилеле, гьеб партиялда жанисел гьаркьал кьеял.**

Бихьизабизе ккола, рищиязул участкабазда лъикIаб хIадурлъи гьабун букIана. Гьенир рукIана рищиязда цересел гьаркьал кьолезул хIакьалъулъ баянал.

«Цогояб Россия» ВППялъул Гумбеталъул бакIалъулаб отделениялъул нухмалъулев АхIмад Сулаймановас абуна:

«Цереккунисел гьаркьал кьеялъе рагьун букIана рищиязул 6 участок: МелъелтIа, ЦIунди-Щабдухъ, ЛъаратIа, Гьарадирихъ, Аргъвани, Гъоркь Инхо росабалъ.

Районалъул гIадамаз праймеризалда жигараб гIахьаллъи гьабуна».

Районалъул бетIер, «Цогояб Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялъул политсоветалъул секретарь **МухIамадгIали МухIамадгIалиевас** халгьабуна гьабуна гьаркьал кьеялъул иналъул ва дандчIвана избирателалгун. Гьес абуна пачалихъияв, муниципалияв хъулухъчиясул, гьединго депутатасул жавабияб масъала кколин гIадамазе ва жамгIияталъе гIоло хIалтIи. Нилъ цо бакIалда чIезе кколаро, церехун ине ккола.

«Цереккунго гьаркьал кьеялъ санагIат букIине буго Россиялъул Федерациялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде ва Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде «Цогояб Россия» партиялъул рахъалдасан депутатлъиялде кандидаталлъун мустахIикъал гIадамал рихьизаризе», - ян абуна районалъул бетIерас.



Гьаркьал кьун лъугIун хадуб хIисабалъул комиссиялъ хIасилал гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛАЗ – ГIЕЛАЗУХЪЕ

# «Дагъистаналъе – сахаб гIел» абураб къец

### Гьениб кIиабилеб бакI ккуна МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ПатIимат Расуловалъ

**Шамилхъалаялда тIобитIана мугIрузул территориалияб округалъул республикаялъулаб «Дагестан – за здоровое поколение» марафон-конкурс. Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъ, конкурсалъул хIалтIул нухмалъулелгун цадахъ, 5 номинациялда лъайкьеялъул учреждениязул цIалдохъабазул хIалтIи битIана.**

Зоналияб этапалъул хIасилазда рекъон нилъер районалдаса финалалде ана 5 цIалдохъанасул хIалтIи.

«Поделки» номинациялда МелъелтIа гьоркьохъеб школалда **ПатIимат Расуловалъул** (6 класс) хIалтIи – (нухмалъулел **Мадина МухIамадова, Калимат МухIидинова**), «Видеоролик», (наркотиказде дандечIараб) номинациялда ЦIаналъ аслияб школалъул 9 классалъул цIалдохъабазул группаялъ хIадурараб хIалтIи – (нухмалъулев **СагIидбег МутагIилов** «Фотоколлаж» номинациялда ЦIаналъ аслияб школалъул цIалдохъан **ПатIимат ПатахIовалъул** хIалтIи – ( нухмалъулей **Нуцалай ГIабдурахIманова**). «Расправь крылья» акциялъул номинациялда МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 10 классалъул цIалдохъан **МухIамад Астимировасул** хIалтIи – (нухмалъулей **РабигIат Астимирова**). «Слоган» номинациялда ЦIаналъ аслияб школалъул цIалдохъан **ПатIимат МутагIилумовалъул** хIалтIи – (нухмалъулей **Нуцалай ГIабдурахIманова**).

17 маялда МахIачхъалаялда гIолилазул культурияб централда тIобитIана республикаялъул «Улбул - наркотиказде данде» жамгIияб гIуцIиялъ республикаялъул батIи-батIиял министерствабигун ва ведомствабазгун цадахъ гIуцIараб «Дагестан – за здоровое поколение» республикаялъулаб марафон – конкурсалъул финал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна зоналияб конкурсалда бергьарал МелъелтIа гьоркьохъеб ва ЦIаналъ аслияб школалъул цIалдохъабаз. Гьениб «Поделки» номинациялда кIиабилеб бакI щварай МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 6 классалъул цIалдохъан ПатIимат Расуловалъе ДРялъул гIолилазул ишазул рахъалъ министерствоялъ кьуна хIурматалъул грамота ва мобильный телефон. Гьебго школалъул 10 классалъул цIалдохъан МухIамад Астимировасе «Расправь, крылья» номинациялда гьабураб жигараб гIахьаллъиялъе гIоло грамота.

**ГIайшат Исламбиева**

# Олимп босарал бакълъулазул кIиабилеб турнир

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

Турниралда бергьаразе гIарцулал сайгъатал кьезе спонсорлъиялъулаб кумекги гьабуна: ДРялъул Халкъияб Собраниялъул вице-спикер СайгидахIмад АхIмадовас 50 азарго, предприниматель **Испай ГIумарахъаевас** 50 азарго, «ЧиркейГЭСстрой» ОАОялъул УПТКялъул генералияв директор **МухIамад Загьидовас** 10 азарго, Белоруссиялъул чемпион **Азамат Нуриковас** 10 азарго гъурущ кьуна.

Хъулухъалъулал ишал тIуралаго гIумруялдса ратIалъарал полициялъулал ракIалде щвеялъул къецазда 6 батIияб цIайиялъул речIчIухъаби гIахьаллъана. 22 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI **А. ГIабдулмажидовас**, (Болъихъ район) кIиабилеб - **Р. Делековас** (ЦIияблак район), лъабабилеб – **А. Бекмирзаевас** (Гумбет район) ва **А. Делековас** (ЦIияблак район) ккуна.

26 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакIалъе **Р. Сатемиров** (Карачаево-Черкесия республика, гьев спортсменасе щвана «ЛъикIаб техникаялъе гIоло» грамотаги), кIиабилеб бакIалъе **Ш. ГIабдурахIманов** (Гумбет район), лъабабилеб бакIалъе **Р. Есенеев** (Карачаево – Черкесия, гьесие щвана «Балагьаразул ракIалъ восиялъе гIоло» грамотаги) ва **М. ГIалихIажиев** (Гьизилюрт шагьар) мустахIикълъана.

32 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI **Ш. ГIабдулмуъминовас** (Болъихъ район), кIиабилеб **-А. МухIамадовас** - (Гумбет район), лъабабилеб- **М. ГIабдулаевас** (Гьизилюрт шагьар), **Ш. Качалаевас** (Казбек район); 35 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI **Н. Астимировас** (Гумбет район), кIиабилеб – **Х. Къурбановас** (Казбек район), лъабабилеб – **Г. ХIажиевас** (ЦIияблак район), **М. Батировас** (Хунзахъ район); 38 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI **Н. ГIубайдулаевас** (Болъихъ район), кIиабилеб – **Р. Багьавдиновас** (Хъаргаби район), лъабабилеб – **И. Изиевас** (Беларусь Республика), **Р. ХIайбулаевас** (Болъихъ район); 42 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI **М. Сагиндиковас** (Гьизилюрт район, Сулахъ станция) кIиабилеб – **А. ГIисаевас** (Хасавюрт), лъабабилеб – **Б. Гьиматовас** (Гумбет район), **Г. ТIалхIатовас** Хъаргаби район) ккуна.

КIиябго турниралда гIахьаллъана 18 команда.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ

# Бакълъулазул школазда – ахирисеб цIумур

### Республикаялъул ва районалъул къецазда бергьаразе грамотабиги кьуна

**25 маялда МелъелтIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам. Гьеб рагьана ва бачана школалъул тарбиягун лъайкьеялъул рахъалъ директорасул заместитель Рамазан МухIамадовас. Гьес кIалъазе рагIи кьуна школалъул директор Эльмира МухIамадовалъе. Эльмираца школа лъугIун унезда мугIалимзабазул ва школалъул дирекциялъул рахъалдасан баркана ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам.**







Гьелъ школа лъугIун унезе гьарана гIумруялъул нухда талихI, гьабулеб ишалъулъ битIккей ва гьединго экзаменал ракIразияб хIалалъ кьезе. Гьелъ школалъул дирекциялъул рахъалдасан ва лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас** лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан районалда, республикаялда тIоритIарал олимпиадазда, конкурсазда, спортивиял къецазда призалъулал бакIал ккуразе, общественнияб хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабуразе ва лъикI цIаларал цIалдохъабазе олимпиадазде, конкурсазде лъимал хIадурарал мугIалимзабазеги кьуна грамотаби.

11 соналъ жидер лъималазе къураб тарбия-лъаялъухъ мугIалимзабазе ракIракIалъулаб баркала кьураб, школа лъугIун унел лъималазе хадубккунисеб гIумруялъулъ битIккей гьарараб кIалъай гьабуна выпускниказе умумузул рахъалдасан **Сакинат Лабазановалъ.** ЦБСалъул рахъалдасан **ПатIимат ХIусеновалъ** байрамги баркулаго библиотекаялъул хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабурал цIалдохъабазе кьуна грамотаби. Школа лъугIун унезда хадубккунисеб гIумруялъулъ битIккей, ва ЕГЭязда лъикIал хIасилал ккей гьарараб кIалъай гьабуна гьезул тIоцеесей учительница **Майсарат Анварбеговалъ.** Гьединго баркиялъулал цереразхинал, сценкаби рукIана школа лъугIун унезе цIалдохъабазулги.

Ахирисеб цIумур кьабуна тIоцебесеб классалъул цIалдохъабаз.

**ГIайшат Исламбиева**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# ЦIурмил гьаракь буго, кьурда багъулеб

**Килалъ росдал школалда ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам байбихьана радалго, роххалилаб ахIвал-хIалалда. Байрам баркана школалъул директор, СагIидбег ГIузаировас, росдал администрациялъул бетIер АхIмад Каримовас, районалъул лъайкьеялъул отделалъул специалист ПатIимат ГъалбацIовалъ. ГъалбацIовалъ олимпиадабазда бергьарал лъималазе кьуна грамотаби.**

11 классалъул цIалдохъабаз рикIкIана учительзабазе кучIдул, гьара-рахьиял, исана школалде рачаразе кьуна сайгъатал. Хадуб школалъул хIаракатчагIазул букIана церерахьин выпускниказе сайгъат гьабураб.

**Исрапил Заирбегов**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# «ГьитIинал магIарулал» ансамблялъул бергьенлъаби

### Бакълъулазул искусствоялъул школалъул хIисабкьей

**23 маялда искусствоялъул школалъ гьабураб хIалтIул хIисабкьезе данделъун рукIана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул маданияб централъул данделъабазул залалда.**



Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул культураялъул министерствоялъул цIалул заведениязул рахъалъ методикияб централъул кIудияй методист **Светлана Аванесова**, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулайманов**, районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, гIолилазул политикаялъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев **МухIамад ГIумардибиров,** лъималазул умумул, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел ва хIалтIухъаби.

Маданияб централда данделъилелде Светлана Аванесовагун искусствоялъул школалъул, маданияб централъул, районалъул библиотекаялъул хIалтIухъаби ана КIудияб ВатIанияб рагъда хварал районцоязул хIурматалда бараб памятникалда цере тIугьдул лъезе. Хадур щвана гIемерфункциязулаб гIолилазул централде, музеялде, искусствоялъул школалъул кабинетазде, репетициязул залалде, районалъул библиотекаялде ва цогидалги бакIазде.

Данделъабазул залалда гIодор чIаразда цеве хIисабкьеялъул докладгун вахъана искусствоялъул школалъул нухмалъулев **ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов.**



Гьес абуна Гумбеталда гIадатлъун лъугьун бугин гьадинал дандеруссиназда лъагIалил хIисабкьеял тIоритIи. Лъималазе щвараб гьунаралъул халгьабизе умумузеги, жидецаго гьабураб хIалтIи загьирлъизе мугIалимазеги рес кьолин гьелъин.

Баркиялъулал кIалъаял гьаруна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас, районалъул централияб библиотекаялъул нухмалъулей Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ, ЦIаналъ аслияб школалъул директор **СагIидбег МутагIиловас,** поэтесса **ПатIимат АхIмадибировалъ,** улбузул рахъалдасан **Умукусум МухIамадовалъ,** «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей **Салимат ХIамидовалъ.**

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиевасул** рахъалдасан лъималазул творчество цебетIезабиялъулъ лъураб бутIаялъе гIоло, искусствоялъул школалъул хIалтIухъабазе кьуна грамотаби.

ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас грамотаби кьуна искусствалъул школалъул цо-цо хIалтIухъабазе, кьурдухъабазе, Чачан Республикаялда кьурдун, балагьарал хIайран гьарурал, МелъелтIа «Бакъ» ясли-ахалде хьвадулел гьитIичал **Салимат Билаловалъе**, **Загьра АхIмадибировалъе.**

Байрамалъулаб ахIвал-хIал букIана хIисабкьеялъул данделъиялда. Цере рахъана искусствоялъул школалъул «ГьитIинал магIарулал» коллективалъул кьурдухъаби гурелги, «Гумбеталъул гьунарчагIи» концертчагIазул къокъа, районалъул халкъияб театр.

Ахиралда искусствоялъул школалъул хIалтIуе лъикIаб къимат кьураб кIалъай гьабуна ДРялъул культураялъул министерствоялъул цIалул заведениязул рахъалъ методикияб централъул кIудияй методист Светлана Аванесовалъ. Абуна школалда кьурдуе гIун бачIунеб гIел куциялъе районалъул администрациялъ санагIатал шартIал гIуцIун ругиланги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Шамил районалъул «Цолъи» басмаялъул 85-сонилаб нух

### Гьеб байрамалда цадахъ МагIарул басмабазул цолъиялъул данделъиги тIобитIана

**Шамил районалъул «Цолъи» газета къватIибе биччазе байбихьаралдаса 85 сон тIубай кIодо гьабизе гьеб районалъул администрациялда данделъун рукIана 24 маялда авар мацIалда шагьаразда, районазда рахъулел газетазул цо-цо редакторзаби, хIалтIухъаби. Гьенире къабул гьарун, юбилей баркизе гьоболлъухъ ун рукIана «Гумбет» СМИялъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновгун анкьго хIалтIухъанги. Нижер ракIазе кIудияб асар гьабуна Шамил районалъул гьалбал хириял гIадамазул сахаватлъиялъ, тIаде рачIараздехун, къаламцояздехунбугеб бербалагьиялъ.**

Гьенире сапар гьабурал бакълъулазул газеталъул хIалтIухъабазул гIемерисел рукIана Шамил районалде тIоцебесеб нухалъ щолел чагIи. Берцинаб тIабигIаталъги, Басрияб Гьоор росулъ рихxичIого хутIун ругел церегосел сиязде аскIоре щвеялъги, Гумбеталъул ракьалда ругездасаги рорхатал мугIрузул ракьанлъабаздегIан рарал росабазул тарихалъул хIакъалъулъ гьениве чанго нухалъ щварав ХIамзат ГIизудиновас бицараб хабаралъги, беричал ахазги, цо-цо росабалъ хурухъанлъи хIалтIизабиялде кIудияб кIвар кьолеб батиялъги пана гьаруна. Бищунго роххараб иш – ГIабдурахIман – афандиясул зиярат бугеб бакIалде щвей. Устарзабазул зияратал гIемер ругеб бакIлъун кколеб Шамил районалде, рикIкIад бугониги, хадурккунги щвей буго нижер мурад.

Юбилей кIодо гьабизе гьенире рачIана авар мацIалда хъвадарулел, авар мацIалда рахъулел газетазул редакциязда хIалтIулел МахIачхъала, Хасавюрт, шагьараздаса, Унсоколо, ЧIарада, Хунзахъ районаздаса журналистал, авар мацI хириял, гьелъул хIурмат гьабулел чагIи, Авар мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъул нухмалъулей **Баху МухIидинова.** «Цолъи» газеталъ 85 сон тIубаялъул юбилей кIодо гьабулеб рохалилаб дандеруссин рагьана ва бачана Шамил районалъул бетIерасул заместитель **Ибрагьим МухIамадовас**.

Шамил районалъул «Цолъи» газеталъул бетIерай редактор ПатIимат ГьитIиновалъ бицана райгазеталъ нахъа тараб 85 сонилаб нухалъул.

Юбилейги баркун, редакциялъул захIмат бокьулеб коллективалъе къимат кьураб, хадубккунги хIалтIулъ бергьенлъаби гьарараб кIалъай букIана Шамил районалъул бетIерасул заместитель **МахIач МахIачевасул.**




Хадур цоязда хадур цоял рахъун, «Цолъи» газеталъул хIалтIухъабазда баркулеб букIана юбилей. Баркиялъулал кIалъаял гьаруна Хасавюрталъул лъабго батIияб мацIалда рахъулел газетазул бетIерав редактор **МухIамадрасул ШайихмухIамадовас**, информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев **ХIамзат ГIизудиновас,** Авар мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъул нухмалъулей Баху МухIидиновалъ, МахIачхъалаялъул информациялъулаб идараялъул нухмалъулелъул заместитель **Зайнаб ГIалимирзаевалъ,** Хунзахъ районалъул «Росдал захIматчи» газеталъул бетIерай редактор **Фатима МухIамадовалъ**, «Миллат» газеталъул хIалтIухъан **Ашахан Юсуповас,** Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталъул редактор **Саният КъебедмухIамадовалъ,** ЧIарада районалъул «ЧIарада» газеталъул редактор **Аминат МухIамадовалъ,** МагIарул басмабазул цолъиялъул (ААГ) нухмалъулев **МухIамадрасул ГIумаровас** ва цогидазги.

Гьединго Шамил районалда тIобитIана дагьаб цебегIан гIуцIараб Авар мацIалда рахъулел басмабазул цолъиялъул данделъиги. Гьелдаса хадур Шамил районалъул нухмалъулелги гьалбалги рахана Хучада росдал магIарде. Лъималазул лагералъул хIухьбахъиялъул минаялъуб халатбахъана байрам. Зурма-къолол гьаракьалъ тIадбосун бугоан гьеб мухъ. Къурдухъабазги кочIохъабазги рази гьаруна киналго. Щибаб коллективалъе сайгъат гьарулел рукIана кучIдулги, кьурдабиги.

БатIи-батIиял нигIматаз бечед гьарурал кванил столазда нахъа гIодор чIезаруна киналго. МагIарулазе бокьулеб мугьалде, рахьдал бахъулеб нигIмат щаралде гIунтIунги гьарзаго чIезабун букIана, цогидаб кванида тIадеги.

Дандеруссиналда грамотаби, дипломал кьуна районалъул администрациялъги, бетIерай редакторалъги «Цолъиялъул» хIалтIухъабазе, гьалбадериеги щивасе сайгъатал хIадурун ругоан. РакIалде щвеялъе сураталги рахъун, берцинго нухда регIана гьалбал.

КIудияб баркала кьолеб буго «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъабаз лъикIаб гьоболлъиялъухъ, гIаданлъиялъухъ, ниж кIодо гьаруралъухъ Шамил районалъул нухмалъулезе, «Цолъи» газеталъул бетIерай редактор ПатIимат ГьитIиновалъе, редакциялъул хIалтIухъабазе. Сахлъи, рохел, халатаб гIумру гьарула гьезие.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА

# АхIмад-хIажи ТIагьаев ракIалде щвезавиялъул къецал

### Къуръанги цIалана, торгIоги хIана

**21 маялъ Килалъ росулъ тIоритIана торгIо хIаялъул къецал, цадахъго Къуръан цIалиялъулги. Динияв ва жамгIияв хIаракатчи АхIмад-хIажи ТIагьаев ракIалде щвезавиялъул тадбир букIана гьеб.**

Къецазда гIахьаллъана 13 команда, 7 нилъер районалдаса ва 6 тIаде рачIарал гьалбал. Абизе бегьила гьел къецал лъугьанин унго-унгояб спорталъул байрамлъунилан. ТоргIо хIалезги бихьизабуна ракI тIаде цIалеб берцинаб хIай.



(Ахир-ункъабилеб гьум.)

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

## Игьали: лъедалъун ва токалдалъун хьезари

### Байданалда, Ракьандахъ, Ихххласа, Гьоносула ахакье рахъал рахъана, НахърутІаниб даруяб лъел къулгІа бана, ЦІаналъ, Кунзахъ, Лъанлъари трансформаторал лъуна...

**Игьали росу буго районалъул росабазул бищун кІудиязул цояб. Гьениб гІададамаз яшав гьабулеб буго ахихъанлъиялдалъун, боцІухъанлъиялдалъун ва хурухъанлъиялдалъунги. Гьезул буго жидерго гІуцІиги, гІадаталги, гІаданлъиги, иманги, яхІги. Гьале 7 моцІ унеб буго гьеб росдае нухмалъи гьабизе ХІажимурад МухІамадов вищаралдаса.**

ХІажимурадица баян кьуна гьарурал хІалтІабазул: гьеб заманалда росулъ гьарун руго гІезегІанго хІалтІаби. Бищун аслияб жо ккола гьекъезе лъим чІезаби. Гьелда хурхун администрациялъ хІалтІабиги гьарун руго. ЦІаналъе рукІарал лъел рогІрал къачІана, бахъун рагІалде щолеб буго БатІалил къай авалалде лъим Игьалиб, лъим жаниб цІунизе гьениб лъун буго 4 тонна жанибе унеб махул къали, хасало цІорочІого букІине бан буго гьеб жаниб лъезе рукъ.

Администрациялъ кІудияб кІвар кьолеб буго гІададамазул ахал лъалъазе лъим чІезабиялдеги. Гьеб мурадалда Хунзахъ ФГБУ «Водканал» гьелгун цадахъ хІадурун руго ихдал цудунго лъим кьабулел насосал, лъим бачунел рахъал. ГІадамал рахъинарун рахъал къачІан руго Байдан, Ракьандахъ абулел бакІазда, Ихххласа, Гьоносула магъилъе. 1500 метралда къачІан руго ваталъул трансформаторал. Игьали лъуна къуватаб трансформатор, Эхелъ, ГохІила, НахърутІан авалазда лъуна трансформаторал, гьединго хисана басралъарал токил кварал. Росулъ жаниб чІезабун буго рацІцІалъи, къачІан руго жанисел ва къватІисел нухал,



рахъал. НахърутІаниб бан лъугІизабун, хІалтІизе биччан буго къулгІа гІададамазул кумекалдалъун (даруяб лъим буге бакІ). ЦІаналъ лъалъадизе лъим бачана 200 метралъул халалъиялда.

Администрациялъ кІудияб хІалтІи гьабуна росулъ токил напряжение киназего цогояб къагІидаялда букІунеб гьабизе. Гьеб мурадалда ЦІаналъ, Кунзахъ, Лъанлъари лъуна 160 киловатт къуваталъул трансформаторал. бетон тІезе кколелъуб бетон тІун, къед гьабизе кколелъуб къед гьабун.Администрациялъул хІаракатчилъиялдалъун росулъ гІолилазда гьоркьор тІоритІана спорталъул батІибатІиял тадбирал.

КІудияб росулъ масъалабиги гІемер рукІуна, бажарараб хІалалъ гьел тІуразе хІаракат бахъиги гьеб иман букІин буго, иман бугесул иш цебехун уна.

**Исрапил Заирбегов**

ТІИБ

## ЦІодорлъи гьабе: гипертония!

**18 маялъ Килалъ росдал школалде вачІун вукІана Гьоркь Инхо участкаялъул больницаялъул терапевт МухІамад СагІидов. Гьес мугІалимзабазул къокъаялъе цІалана бидул тІадецуялъул хІакъалъулъ лекция. Лекциялда бищунеб буго гипертония унтуде (бидул тІадецуй) дандекеркьезе хасал школал рагьиялъул.**

Гьелъул аслияб мурадги бугин абуна гІадамазда гьеб унтиялъул тІабигІатал лъай, сундасан кин гьеб унти загьирлъулеб, цІунакъай кин гьабилеб унтичІого рукІинелали. Бидул тІадецуй цІикІкІиналъе гІиллабилъун рихьизарулел руго гІемер цІам хІалтІизаби, гІаракъи, чагъир гьекъей, хъалиян бухІи, кванда гьорлъ калий дагьлъи, кьаралъи. Нилъеца миллат гьабичІого тани, цІикІкІараб бидул кьабиялъ рачунел руго инфаркт ва инсульт ккеялде.

ЛъикІаб лекция цІалана МухІамад СагІидовас мугІалимзабазе, гьезул суалазе кьуна жавабал. Киназулго борцана бидул кьаби ва гьел ругьунги гьаруна бидул кьаби борцине.

**Исрапил Заирбегов**

ГІАКІА АХІУЛЕБ БУГО

**Районазда гьоркьосеб рагъулаб комиссариаталдасан «Е» категориялъул шоферлъиялъе цІализе витІизе 3 чи ахІулев вуго. Гьел хадур армиялдеги ритІизе руго.**

**Кандидатазул букІине ккола 11 классалъул лъай, шоферасул «В» ва «С» категория, щулияб сахлъи. ТамихІалде цІачІев чи вукІине ккола.**

**ЦІализе ине бокьарал рачІине ккола Казбек районалъул Дилим росулъе Казбек ва Гумбет районазда гьоркьосеб военкоматалъул отделалде. Тел.: (279) – 2 – 13 – 01 (02).**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Утерянное удостоверение, выданное в 2004 году, серия БК № 0380059, Военным комиссариатом Республики Дагестан, на имя Нуцалханова Ахмеда Мирзакадиевича, с. Мехельта Гумбетовского района РД, считать недействительным.**

ЗИГАРА

**Бакьулъ Гьарадирихъ росулъа ГІабдуразакъ ГІабдулбасиров Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьесул гІага-божаразда. Аллагь гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе гІумруги кьеги.**

ДОКУМЕНТЫ

## Единая система межведомственного электронного взаимодействия

### Информация для руководителей органов государственной власти, местного самоуправления и правоохранительных органов

Фдеральный закон от 27 июня 2010 года № 210 - ФЗ «Об организации представления государственных и муниципальных услуг» регулирует отношения, которые возникают при предоставлении государственных и муниципальных услуг федеральными органами государственной власти, органами местного самоуправления и другими органами, определенным этим федеральным законом. Данный закон предусматривает, что государственные и муниципальные органы самостоятельно могут запрашивать сведения в электронном виде.

При обращении в Управление Росреестра по РД с запросом о предоставлении сведений содержащихся в ЕГРП, различными органами государственной власти и местного самоуправления на бумажных носителях, документооборот проходит несколько этапов, начиная с отделения почтовой связи и заканчивая непосредственно исполнителем данного запроса и направления ответа заявителю, а также удлиняются сроки исполнения. Доводим до сведения руководителей органов государственной власти, местного самоуправления и правоохранительных органов, что электронное взаимодействие позволяет оперативно, в более короткие сроки и без бумажных носителей, обеспечить оказание услуг тому или иному органу.

Постановлением Правительства Российской Федерации от 8 сентября 2010 года № 697 утверждено положение «О единой системе межведомственного электронного взаимодействия», которое определяет назначения и правила формирования единой системы межведомственного электронного взаимодействия, а также основы информационного обмена

Информацию о зарегистрированном объекте недвижимого имущества и о наличии либо отсутствии недвижимого имущества, зарегистрированного в ЕГРП на физических и юридических лиц можно получить через сервис официального сайта Росреестра, который дает возможность пользователям, владеющим «ключом» доступа, осуществляет поиск и просмотр общедоступных сведений об объектах недвижимости, а также запрос и копирование сведений ограниченного доступа (в объеме выписки из ЕГРП) об объекте недвижимости (на платной основе). Сервис работает в полном объеме, каких либо нареканий по его работе не поступало.

Управление предоставляет «ключи» доступа, которые позволяют, осуществляют указанный выше просмотр, поиск и запрос сведений на сервисе. При этом «ключи» доступа необходимо ежегодно обновлять.

Для получения «ключа» доступа необходимо обращаться в Управление Росреестра по РД по адресу: г. Махачкала, проспект Гамидова, № 9 «а».

Благодаря Единой системе межведомственного электронного взаимодействия значительно снижаются сроки, уменьшается время на поиск и обработку информации, повышается качество предоставляемой услуги.

**Хасавюртовский межмуниципальный отдел управления Росреестра по РД**

## АхІмад-хІажи ТІагьаев ракІалде щвезавиялъул къецал

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)** ХІаял унел рукІана тІаса бер босизе бокьулареб хІалалъ гьирагьда, щивас бихьизабуна торгІо хІазе бугеб кІудияб махщелги ТІоцебесеб бакІ щвана Килалъ росдал командаялъе. КІиабилеб бакІ щвана Хунзахъ районалъул Гьамущи росдал командаялъе, лъабабилеб бакІ щвана Больихъ районалъул КІижани росдал командаялъе, ункъабилеб бакІ Игьали росдал командаялъе.

ТІоцебесеб бакІ ккураб командаялъе кьуна кубокки 20 азарго гъурущги, медалалги, грамотабиги. КІиабилеб бакІалъе 15 азарго гъурущги, медалалги, грамотабиги, лъабабилеб бакІалъеги 10 азарго гъурущги медалалги, грамотабиги. ГІарцулал сайгъаталги грамотабиги кьуна гьениб батІи-батІиял номинациязда.

Къецал тІоритІизе спонсорлъи гьабуна жидеда Аллагь разилъаял **Къурбандибир-хІажи ГІумарасхІабовас, МухІамаднаби ГьалбацІовас ва АхІмад-хІажи ТІагьаевасул** гІагарлъиялъ.

**Исрапил Заирбегов**

БетІерав редактор ХІамзат ГІизудинов телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХІадисова
Корреспондентал: ГІайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Пушкинил къватІ, 6

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1373
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.